
Dwa elèv imigran yo nan lekòl

Pa: Defansè Massachusetts pou Timoun

Revize: Janvye 2025

Nan Massachusetts, pifò moun ki gen 21 lane oswa mwens gen dwa pou yo ale nan lekòl primè, lekòl twazyèm sik, ak lekòl segondè. Sa gen ladan l imigran, nouvo arive, ak elèv san papyè.

Ou dwe ale nan lekòl la si ou gen poko gen 16 lane nan Massachusetts. Si ou gen plis pase 16 lane, gen diferan règleman sou enskripsyon elèv selon vil kote w rete a. Nan pifò ka ou ka enskri nan lekòl jiskaske ou gen 22 lane oswa ou gen yon diplòm lekòl segondè.

Gade “Dwa Imigran nan Kolèj ak Edikasyon Siperyè” pou jwenn enfòmasyon sou dwa elèv imigran yo apre lekòl segondè (nan lang Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/immigration/immigrant-youth/immigrant-rights-college-and-higher-education>).

Ki sa mwen bezwen pou enskri nan lekòl?

Diferan tout ti vil gen diferan règleman sou sa ou bezwen pote nan biwo enskripsyon an. Pifò yi vil yo mande prèv ke w ap viv nan ti vil la, tankou yon fakti ak adrès ou sou li. Pifò ti vil yo mande idantifikasyon tou, tankou yon sètifika nesans. Anpil ti vil mande w pou ou kapab avèk yon paran oswa yon gadyen legal lè ou enskri nan lekòl la.

Èske yon lekòl ka poze m kesyon sou estati imigrasyon m?

Non. Lekòl yo pa ka poze kesyon sou estati imigrasyon yon timoun oswa yon paran. Li ilegal pou lekòl yo gen règleman diferan pou paran ak timoun akòz peyi kote ou soti a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade gid Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts la pou fanmi imigran ak elèv yo.

<https://www.doe.mass.edu/commissioner/spec-advisories/families-students-guide-haitiancreole.pdf>

E si mwen pa gen papyè ke ti vil la egzije pou enskri lekòl?

Si ou pa gen okenn nan dokiman yon vil egzije pou enskri, ou toujou gen dwa pou al lekòl.

- **Adrès:** Si ou pa ka pwouve adrès ou, ou ta dwe mande pou pale ak Lyezon pou Sèvis Sanzabri a nan sant enskripsyon an, menm si ou pa sanzabri. Li plis sou dwa ou yo sou sit entènèt Sant Lwa Timoun yo (nan lang Anglè, <https://www.clcm.org/mckinneyvento>). Depatman Edikasyon Eta a gen kowòdonatè rejyonal tou ki ka reponn kesyon epi kominike avèk lekòl la si Lyezon pou Sèvis Sanzabri lokal la pa itil. Gade <https://www.doe.mass.edu/sfs/mv/>.
- **Sètifika nesans:** Si ou pa gen yon sètifika nesans, lekòl yo ta dwe aksepte lòt dokiman pou verifye laj ou, tankou yon sètifika batèm, yon afidavi de yon paran, oswa dosye ki soti nan ansyen lekòl ou an.
- **Nimewo Sekirite Sosyal:** Lekòl yo pa genyen otorizasyon pou anpeche w al lekòl si ou pa genyen yon nimewo sekirite sosyal oswa si ou pa ba yo nimewo sekirite sosyal ou an.

Aprè ou fin ale nan sant enskripsyon an, si ou toujou gen pwoblèm pou enskri nan lekòl la, ou ta dwe mande èd yon avoka oswa yon travayè sosyal. Liy Asistans gratis la nan **Mass Advocates for Children** (<https://forms.office.com/r/PxMdWCT0i0> oswa 617-357-8431) oswa **Children's Law Center of Massachusetts** (<https://www.clcm.org/get-help> oswa 1-888-543-5298) se non kote pou kòmanse.

Si ou kwè distri lekòl ou an ap anpeche w enskri timoun ou an nan lekòl akòz estati imigrasyon oswa pou lòt rezon diskriminasyon, ou ka:

- Kontakte Divizyon Dwa Sivil nan **Biwo Pwokirè Jeneral la** nan 617-963-2917 oswa depoze yon Plent pou Dwa Sivil (<https://massago.hylandcloud.com/231appnet/UnityForm.aspx?key=UFKey>)
- Depoze yon plent nan **Sistèm Rezolisyon Pwoblèm nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a** (<https://www.doe.mass.edu/prs/intake/default.html?section=haitiancreole>)

Ki dwa mwen genyen nan lekòl si mwen gen yon andikap?

Si ou gen yon andikap epi ou bezwen sèvis espesyal oswa aranjman, lalwa bay lekòl la obligasyon pou ba w yo menm si ou se yon imigran oswa yon elèv ki pa gen papye. Si ou pale yon lang ki diferan de Anglè, sa **pa** yon andikap.

Premye etap pou wè si ou gen yon andikap ki afekte aprantisaj ou se pou lekòl la fè yon evalyasyon. Yon evalyasyon se tès ke yon espesyalis fè pou konprann fason w ap aprann ak si ou bezwen sèvis espesyal oswa aranjman. Si lang matènèl ou pa Anglè, lekòl la dwe fè evalyasyon an nan lang ou. Yon evalyasyon ta dwe gen ladan rekòmandasyon pou aprantisaj ou.

Ou ka mande yon evalyasyon epi lekòl la dwe reponn. Menm si ou fè demann lan, lekòl la ap bezwen pou ou menm oswa paran w siyen yon fòmilè konsantman anvan yo kòmanse evalyasyon an. Aprann plis nan <https://www.masslegalhelp.org/sped-overview>.

Si ou pa ka li oswa ou avèg oswa Soud, lekòl la dwe ba w tout enfòmasyon ou bezwen nan yon fason ou konprann. Di lekòl la pi bon fason pou kontakte w — apèl nan telefòn, tèks, oswa Imel.

Ki dwa mwen genyen si mwen pa pale Anglè?

Ou gen dwa ale nan lekòl la epi aprann Anglè. Pandan w ap aprann Anglè, ou gen dwa pou aprann nan tout domèn yo (matematik, lekti, ekriti, syans, elatriye) ke elèv nan klas ou ki pale Anglè yo ap aprann.

Lekòl la oblije ba w yon tès pou wè ki nivo Anglè ou konnen. Sa obligatwa menm si ou gen yon andikap. Si tès la montre ou bezwen plis sipò pou aprann Anglè, lekòl la pral ba w sipò pou elèv k ap aprann Anglè. Ou gen dwa pou rejte sipò espesyal la.

Ki dwa paran m yo genyen si yo pa pale Angle?

Si paran w, gadyen legal ou, oswa yon swanyan pale yon lòt lang nan kay la, lekòl la oblije itilize lang sa a pou kominike avèk paran w, gadyen legal ou, oswa swanyan ou an nan lè oswa nan telefòn. Lekòl la dwe bay yon entèprèt nan tout rankont yo. Lekòl la pa ta dwe janm mande w pou entèprete ant paran w yo ak lekòl ou an.

Lekòl la dwe kominike avèk ou menm ak paran w yo nan lang ou pale nan kay la. Lekòl la ta dwe ba w tout dokiman alekri yo an Anglè ak nan lang ou pale nan kay la. Yo dwe bay tout tip kominikasyon yo nan lang ou pale lakay la. Sa gen ladan:

- chak lèt,
- avi lekòl,
- apèl nan telefòn,
- rankont, ak
- konvèsasyon.

Lekòl la dwe itilize yon entèprèt si sa nesesè. Entèprèt la ta dwe:

- dwe mètrize lang Anglè nan lang ou pale nan kay la, epi
- dwe genyen fòmasyon nan wòl yon entèprèt, tèm edikasyon, ak konfidansyalite.

Flayèz

Dwa Elèv Immigran ak Paran yo nan lekòl la

⇒ Tout timoun gen dwa pou ale nan lekòl leta.

⇒ Lekòl yo pa gen dwa pou mande ou oswa pitit ou kondisyon imigrasyon nou.

⇒ Li ilegal pou lekòl yo gen règleman ki diferan pou elèv ak paran akòz nan ki peyi yo soti. Lwa sa proteje tout elèv ak paran ki pa gen papyè.

Dwa Elèv yo

- Pitit ou a pa bezwen nimewo sosyal sekirite ak batistè pou ale nan lekòl leta yo. Lekòl yo sipòze mande ou prèv kote ou rete. Yon papyè lajan ou dwe pou telefòn ou e youn lèt nan men mèt kay kote ou rete a se egzanp prèv ou ka fèlize.
- Nan Massachusetts, pi fò jenn yo gen dwa pou ale nan lekòl leta. Règleman sa aplike ak tout elèv ki gen 21 ane e pi jèn.
- Pitit ou gen dwa pou li ansekirite de anwiman, anmèdman ak vyolans. Yo gen dwa pou santi yo ansekirite avèk lòt elèv, pwofèsè avèk anplwaye lekòl la.
- Si angèl pa premye lang pitit ou, lekòl la sipòze ba li sipò pou li apran.
- Elèv yo ki gen pwoblèm paske youn andikap gen dwa ak sèvis edikasyon espesyal de lekòl la.
- Paran ka mande lekòl la pou fè youn egzamen pou pitit ou jwenn sèvis edikasyon espesyal. Lekòl la dwe fè egzamen nan lang ki ka plis montre talan ak konèsans pitit ou.

Dwa Paran yo

- Ou gen dwa pou revize rapò lekòl pitit ou. Ou ka mande lekòl la pou chanje rapò si ou wè li pa kòrèk.
- Ou gen dwa ak tout konmisyon de lekòl pitit ou nan premye lang ou. Lekòl la sipòze fèlize youn entèprèt ki kalifye li yo bezwen pale avèk ou. E yo sipòze tradwi tout dokiman ou bezwen de yo minm nan lang ou. Enfòmasyon yo ba ou nan lang ou sipòze gratis e lekòl la sipòze ba ou enfòmasyon yo nan menm li yo bay lòt paran yo an anglè.

 **MLRI** 

Telechaje yon flayèz pa Defansè Massachusetts pou Timoun (Massachusetts Advocates for Children), “Dwa Elèv Imigran ak Dwa Paran yo nan Lekòl la”:

<https://www.massadvocates.org/s/FINAL-HC-Immigrant-Rights-Flyer-2021-Updates-HAT.pdf>

Telechaje gid Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a pou fanmi ak elèv imigran yo:

Soutni dwa elèv ki imigran yo pou enskri nan lekòl
Konsèy pou fanmi yo

Tout elèv yo dwe santi yo byenvini e yo gen valè nan lekòl piblik yo.
Lalwa mande pou distri lekòl kote w ap viv la enskri pitit ou nan lekòl, kèlkeswa stati imigran li genyen.

An jeneral, distri lekòl ou a ka mande w enfòmasyon sou laj pitit ou ak kote w ap viv nan kad pwosès enskrripsyon nan lekòl. Epitou, yo ka mande w kanè vaksinasyon an. Men, distri lekòl ou a ka pa kapab:

- Refize enskrripsyon pitit ou si w pa gen youn pyès idantite (ID) gouvènman an bay ki gen foto oswa lòt dokiman presi. Distri a dwe travay avèk ou pou jwenn youn lòt mwayen pou pwouve laj pitit ou genyen ak kote li ap viv si w pa gen aksè ak dokiman presi.
- Egzijè w pou w bay stati imigran ou oswa dosye imigrasyon ou.
- Egzijè pou respektè egzijans vil la ki pa gen rapò ak sistèm lekòl la, tankou repònns keyon pou yon resansman, anket oswa lòt fòmèl.
- Mande lòt egzijans ki fè li pi difisil pou enskri pitit ou akòz stati imigran w lan.


Si w pa ka bay youn dokiman distri lekòl la mande, ou ka pwepoze pou bay lòt dokiman ki pwouve laj pitit ou oswa kote li ap viv.

Si w pa pale anglè, mande distri a pou li fè w jwenn dokiman ki tradwi, ak youn entèprèt.

Si pitit ou se youn sanzabri, yo dwe ototize pitit ou pou l enskri nan lekòl la san pèdi tan. Si w rete nan menm kay ak lòt moun akòz pwoblèm ekonomik, y ap konsidere w kòm youn sanzabri e distri a dwe enskri pitit ou san pèdi tan, kit gen dokiman ki pa gen dokiman. Sa vle di pa egzanp distri lekòl la pa ka mande kèk dokiman tankou kontra kay si w pa gen youn pasko ou rete nan menm kay ak lòt moun. Toudabò, distri a dwe enskri pitit ou e apre sa ede w jwenn lòt fason pou l pwouve kote w ap viv nan distri a.

Si w kwè distri lekòl ou a anpeche w enskri pitit ou nan lekòl akòz stati imigran li genyen oswa pou lòt rezon ki gen rapò ak diskriminasyon, ou ka:

- Kontakte Sekiyon Dwa sivil nan Biwo pwokirè jeneral la nan 617-963-2917 oswa depoze youn plient pou vyolasyon dwa sivil nan <https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint>
- Depoze youn plient nan Sistèm solisyon pwoblèm nan Depatman Edikasyon Elemanè ak Segondè a nan <https://www.doe.mass.edu/prs/intake/default.html>

 **desè**  **Biwo Egzekitif Edikasyon**
Depatman Edikasyon Elemanè ak Segondè Biwo Pwosès Jansan la

<https://www.doe.mass.edu/commissioner/spec-advisories/families-students-guide-haitiancreole.pdf>

Plis Resous

Aprann plis

- Fich Enfòmasyon - Opòtinite Edikatif Egale pou Elèv Anglè (Plizyè Lang, PDF yo): <https://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/frontpage/pro-students/issues/roi-issue03.html>

Depatman Edikasyon Etazini, Biwo pou Dwa Sivil

-
- Konsèy Konsènan Aksè Egalego nan Edikasyon Piblik pou Tout Elèv Kèlkeswa Eitati Imigrasyon yo: <https://www.mass.gov/info-details/attorney-generals-advisory-regarding-equal-access-to-public-education-for-all-students-irrespective-of-immigration-status>
Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts
 - Akèy Nouvo Arivan ak Elèv ak Fanmi Refijye (Welcoming Newcomer and Refugee Students & Families, 2022):
<https://www.doe.mass.edu/news/news.aspx?id=26713>
Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (DESE) Edikasyon pou Elèv Anglè

Konsènan MassLegalHelp

MassLegalHelp.org se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.